**CHIMBOY TUMANLARARO IQTISODIY SUDI**
*231400, Chimboy tumani, Dustlik ko'chasi, r/u.*

**CHIMBOY INTER-DISTRICT ECONOMIC COURT**
*231400, Chimboy, Dustlik guzori street,*

Tel: (61) 444-34-20, Tel: (61) 444-34-21, Fax: (61) 444-34-20 e-mail: i.chimboy@sud.uz

**Өзбекстан Республикасы атынан**
**ҲАЛ ҚЫЛЫЎ ҚАРАРЫ**

**Шымбай районы 2021-жыл 6-декабрь 4-2304-2102/ХХХХ-санлы ис**

Шымбай районлар аралық экономикалық судының судьясы З.Бердимуратовтың басшылығында, судья жәрдемшиси К.Данияровтың хаткерлигинде, даўагер ўәкили – Шымбай филиалы бас менеджери ХХХХ (2021-жыл 2-декабрь күнги 03-02/69-санлы исеним хат тийкарында) қатнасыўында, Өзбекстан Саўда-санаат палатасы Қарақалпақстан Республикасы басқармасы даўагер Өзбекстан Республикасы АКБ «Агробанк» мәпин қорғап жуўапкер «ХХХХ» фермер хожалығынан 161093000 сум тийкарғы кредит қарызын ҳәмде 12422000 сум кредитке есапланған пайызын өндирип бериўди сораған даўа арзасын АКБ «Агробанк» Шымбай филиалы имәратында ашық көшпели суд мәжлисинде көрип шығып, төмендегилерди

**А Н Ы Қ Л А Д Ы:**

Истеги ҳүжжетлерге қарағанда, АКБ «Агробанк» Шымбай филалы (кейинги орынларда банк филиалы деп жүритиледи) ҳәм «ХХХХ» фермер хожалығы (кейинги орынларда жуўапкер деп жүритиледи) орталарында 2020-жыл 24-октябрь күни дүзилген 176-санлы кредит шәртнамасына тийкар, банк тәрепинен жуўапкерге, жыллық 12 пайыз бенен 235950000 сум муғдарында кредит ажыратылған. Кредит мақсети ғәлле өнимин жетилистириўди қаржыландырыў болып белгиленген.

Кредит шәртнамасының 1.2 ҳәмде 3.3.6-бәндинлерине муўапық, жуўапкер кредит ҳәм пайыз төлемлерин белгиленген мүддетлерде төлеп барыў миннетлемесин алған, бирақ шәртнама шәртлери лазым дәрежеде орынланбаған.

Банк филиалының 2021-жыл 15-октябрь жағдайына жуўапкердиң қарызы 161093000 сум тийкарғы кредит қарызын ҳәмде 12422000 сум кредитке есапланған пайызды қураған.

Банк филиалы тәрепинен қарыздарлықты төлеў кереклиги бойынша жуўапкерге 2021-жыл 15-октябрь күнги талапнама жиберилген. Талапнама жуўапкер тәрепинен ақыбетсиз қалдырылғанлығы себепли кредит пайызының өсиўине алып келинген.

Өзбекстан Саўда-санаат палатасы Қарақалпақстан Республикасы басқармасы ўәкиллериниң қатанасыўысыз көрип шығыўды сораған. Сонлықтан, суд, исти олардың ўәкили қатнасыўысыз көрип шығыў мүмкин деген жуўмаққа келеди.

Даўагер ўәкили суд мәжлисинде даўа талабы бойынша жуўапкер тәрепинен қарыздарлық төленбегенлигин ҳәмде пайыз қарыздарлығы көбейип кеткенлигин билдирип, даўа арзаны толық қанаатландырыўды сорады.

Жууапкер суд мәжлисине тийисли тәртипте хабарландырылып шақырылғанлығына қарамастан келмеди. Суд, Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң 170-статьясы үшинши бөлимине тийкар, исти жууапкердиң қатнасыуысыз көрип шығыуды мақул тапты.

**Суд дауагер уәкилиниң түсинигин тыңлап ҳәм истеги хүжжетлерди үйренип шығып, төмендегилерге тийкар дауа арзаны толық қанаатландырыуды мақул тапты.**

Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодекси (кейинги орынларда - ПК)ниң 744-статьясына тийкар бир тәреп — банк яки басқа кредит шөлкеми екинши тәрепке шәртнамада нәзерде тутылған муғдарда ҳәм шәртлер тийкарында пул қаржыларын бериу, қарыз алыуушы болса алынған пул суммасын қайтарыу ҳәм оның ушын пайызлар төлеу миннетлемесин алады.

ПКниң 734-статьясы биринши бөлимине мууапық, егер нызамда яки қарыз шәртнамасында басқаша тәртип нәзерде тутылған болмаса, қарыз бериуши қарыз алыуушыдан қарыз суммасына шәртнамада белгиленген муғдарда ҳәм тәртипте пайызлар алыу ҳуқықына ийе.

ПКниң 735-статьясы биринши бөлимине мууапық, қарыз алыуушы алынған қарыз суммасын қарыз шәртнамасында нәзерде тутылған мүддетте ҳәм тәртипте қарыз бериушиге қайтарыуы шәрт.

ПКниң 236-статьясына мууапық, миннетлемелер миннетлеме шәртлерине ҳәм нызам ҳүжжетлери талапларына мууапық, бундай шәртлер ҳәм талаплар болмағанда – ис-қатнасықлары яки әдеттеги қойылатуғын басқа талапларға мууапық лазым дәрежеде орынланыуы керек.

Жоқарыдағыларға тийкар, суд, дауа талаларын қанаатландырыуды, жууапкерден дауагер пайдасына 161093000 сум тийкарғы кредит қарызын ҳәмде 12422000 сум кредитке есапланған пайызын ҳәмде 21600 сум почта қәрежетин өндириуди мақул тапты.

Исти судта көриу нәтийжеси менен, жууапкерден республика бюджетине дауа суммасының 2 пайызы муғдарында яғный 3470300 сум мәмлекетлик бажы пул өндириуге жатады.

Жоқарыдағыларға ҳәмде Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң 118, 176-179-статьяларын басшылыққа алып, суд

**ҚАРАР ЕТТИ:**

Дауа арза қанаатландырылсын.

Жууапкер «XXXX» фермер хожалығынан дауагер Өзбекстан Республикасы АКБ "Агробанк" пайдасына 161093000 сум кредит қарызы, 12422000 сум пайызы ҳәмде 21600 сум почта қәрежети өндирилсин.

Жууапкер «XXXX» фермер хожалығы фермер хожалығынан республика бюджетине 3470300 сум мәмлекетлик бажы пул өндирилсин.

Ҳал қылыу қарары нызамлы күшине киргеннен соң орынлау хатлар берилсин.

Ҳал қылыу қарарға наразы тәреп усы қарар қабыл етилген күннен кейинги бир ай ишинде усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы судына апелляциялық тәртибинде арза (прокурор протест) бериуге ҳақылы.

**Судья: З.Бердимуратов**